12. Adegira nimbok Dewi Clekathana lan ingkang putra sang dyah retna Juwita, nunten sakrawuhe ingkang raja, pinethuk mring Dewi Clekathana. Sasampunya tata lenggah, raja Kasendra ngandika mring garwa, "Wis oleh, olehku mintasraya, jenenge raden Janaka. Karepku ora tak edu dhisik, tak temokake karo anakmu retna Juwita. Yen kowe rembug," Dewi Clekathana matur mring kang raka, "Yen, kula boten rembag, yen sampeyan panggihaken sapunika. Benjing sasampuning damel kemawon, kasesa punapa. Utawi, kawona tuwin pejaha, dados putra sampeyan boten imah-imah kaping kalih." Prabu Kasendra ngandika, "Iya bener kowe, aku kang kasusu, nanging wong wis tiba ujarku kepriye, sabda pandhita ratu." Clekathana meksa boten kenging, Kasendra ngandika malih, "Lah wis yen kaya mangkana, aku lilanana bae, tak temokake lan anakku Kasimpar bae, idhep-idhep tak gawe panancang bae dhingin. Jaya utawa tiwasa, wis tak temah. Mung aja nganti lowong sabdaku bae," aturnya Dewi Clekathana, "Sumangga kemawon" Prabu Kasendra lajeng jengkar, raden Janaka kabekta dhateng kebon pepungkuran.

13. Adege Dewi retna Kasimpar, kaliyan para emban. Tan adangu sarawuhe ingkang rama. Ingkang putra methuk, sawusnya lenggah, ingkang rama ngandika, ingkang putra kinen akrama, "Idhep-idhep kowe ngrebut negaramu," ingkang putra tan kenging, matur mring para selir. Nunten pinanggehaken, ingkang rama nulya kondur. Kocapa raden Janaka, kapanggihaken lan retna Kasimpar. Sareng sampun angsal tigang dinten tigang dalu, kacarita sampun carem. Ingkang garwa, arsa tinilar sowan mring kang rama, karsa pamit prang. Ingkang rayi kedah tumut, dewi retna Kasimpar nulya pinondhong, ingemban cindhe puspita, nulya den lela-lela, tinembang turu-turu lare, kasiliring samirana. Nunten sare



Liman Pethak

wonten ing ngembanan, tandya sinarekaken ing babut, sarta dhinesek ing guguling. Janaka mlorot saking ndhagan, tiningalan ingkang rayi, mancorong wadanane, Janaka asayud ing driya, sarta amegat ing tresna. Janaka sowan mring rama, kang rama kagyat lajeng ngandika mring putra raden Janaka. Janaka nyuwun pamit badhe prang. Ingkang rama angastuti karsaning putra, raden Kasena kinen umiring kang raka lan patih Jayalukita, sami bidhal.

14. Kocap pasanggrahan danawa, pepakan lan samantrinira sadaya. Ingkang sami den ajeng-ajeng, rampunging pangandika, prabu Tasikmadu sigra pinethukaken mring punggawa danawa, raden Kasena nulya nyuwara, "Kurang sepisan kiye papanggile kakang mbok, yen wus kalah pintasrayaku, gustimu banjur konen ngarak." Janaka lan danawa lajeng prang. Danawa sampun pejah sadaya. Raden Kasena lajeng neteg tengara, bubar. Raden Janaka nyimpang, mboten sowan dhateng kang rama. Raden Kasena ingkang kinen munjuk dhateng kang rama.

15. Kocapa madeg Dewi Clekathana, muring-muring maring raden Janaka, dene pinanggihaken lan Dewi Kasimpar. Nimbok Clekathana sanget keduwungira, maras putrane yen kinawayuh. Clekathana lajeng maring kebon pupungkuran, amarani mring dewi retna Kasimpar. Sasampunira dumugi, dewi retna Kasimpar saweg sare. Clekathana sigra dandan, nulya tinekak mring Clekathana, lajeng sinembelih, retna Kasimpar pejah, lajeng pinendhem ing sumur mati, ingurugan uwuh. Clekathana mantuk dandan, lajeng angagem ganda wangi.

16. Genti kocapa, liman pethak mirsa yen gustine mati, meta wonten wantilan. Rosaning liman, kukuhing janget pedhot, liman lumajeng ngithar, ngulari raden Janaka, tiyang kapethuk sami ajrih.

17. Kocapa, raden Janaka mantuk. Semar, Nalagareng, Petuk uninga wonten liman meta, sami lumajeng. Mung kantun raden Janaka, liman pethak sigra murugi mring ngarsane

raden Janaka, sarta amendhak kalih nangis, luhipun darodosan. Yen ta sageda ngucap, "Gusti, kula ngunjuki uninga ing sampeyan, rayi sampeyan dewi retna Kasimpar angemasi, dipun cidra dening ibu jengandika, Dewi Clekathana, kasembeleh ing dhuwung. Samangke dipun lebetaken ing sumur, kula sampeyan titihi, kula uningakaken panggenane rayi sampeyan," gajah pethak telalenira amalelet-lelet sukunira raden Janaka, medar telale dinumukaken gigirira priyangga, tinon kadi liman nyembah. Raden Janaka nitih, alon lampahira. Dirada sigra lumebeng taman, Semar Petruk tut pungkur salampahing gajah dhateng sumur pejah. Liman pethak mubeng sapinggiring sumur, sampun jangkep kaping tiga, mendhak. Janaka mudhun saking liman, alon jumeneng, limannya taksik anjerum, sarja luhira mili, telale anggayuh urugiug sumur, kinen angrencangi, Nalagareng, Petruk. Satelase uwuh, gustine gilang-gilang munggeng salebeting sumur, sigra sinambut mring ki lurah Gareng, Petruk anglawani binekta minggah mring andha. Raden Janaka mirsa, lajeng sinambut, den emban sarta den aras, lajeng binekta sowan mring kang rama.

18. Kocap adege prabu Kasendra lan ingkang putra raden Kasena munjuk mring rama, yen jurite ingkang raka unggul. Danawa pejah sadaya, putra sampeyan dereng ngarsakaken sowan, lajeng mantuk dhateng taman. Prabu Kasendra ngandika. "Layak, kaya mangkonoa, wong lagi anyar-anyaran." Dereng antara dangu dhatenge raden Janaka, angemban ingkang garwa palastra. Ingkang rama kagyat, sigra nggenira andangu mring putra, alon ature kang putra. Munjuk yen saking liman pethak uninganipun, "Kula mantuk saking paprangan, kapethukaken liman pethak. Lajeng mandheg ing ngajeng kula. Sareng kula titihi, lajeng anjujug sumur pejah, sarwi amendheg, tetale ambucali uwuh saking salebeting sumur, sarta kula ngrencangi dhateng pun Gareng lan Petruk. Telasing uwuh, putra sampeyan kapanggih, mugi kauningana ing sampeyan." Prabu Kasendra nglangak, sarta atebah jaja, waspanira kumembeng. Lajeng dhawuh dhateng emban, para

nyai tuwi para inya, pinepak sadaya, dinangu mring prabu Kasendra. Para emban ngonjukaken pejah gesang, matur boten uninga. Prabu Kasendra ngandika, "Yen ana ingkang weruh, ora gedhe ora cilik, tak ganjar wong siji-sijine nyatus, sarta sapangadeg. Yen katemu kang mateni anakku si Kasimpar, punagiku tak sembeleh, sarta wetenge tak bedhel, atine tak ganyang." Tiyang alit rerep sadaya, tan ana walang salisik. Kocap raden Janaka, pejah angraga suksma, taksih mangku ingkang garwa. Tan wonten ingkang uninga, dipun wastani lenggah kewala. Sigra saged panggih, suksma sami suksma. Nulya suksmane kang garwa pinanjingaken malih, suksmane Janaka manjing priyangga, Dewi retna Kasimpar purnajati, lajeng anungkemi ingkang raka. Ingkang rama, tedhak saking dhampar amengkul kang putra. Sampun dangu pangrangkulira, prabu Kasendra pinarak dhampar malih, handangu mring dewi retna Kasimpar. Ingkang putra matur, pejahe kacidra ingkang ibu. "Kula tilem, lajeng kajambag. Kula kaget anjerit, kula lajeng katekak, dipun sembeleh. Sasampune kula dipun sembeleh, kula boten uninga. Byar, sareng miyarsa ature kang putra, prabu Kasendra sumung-sumung kang pranaja, dukayayah sinipi, sarta anggigit waja. Sigra nggendira tedhak, angasta talempak, amurugi ingkang garwa Dewi Clekathana. Pinanggih, lenggah pupur lelamatan, sinjangira cindhe seradan, kasemekan jingga tinepi kaliyan musang. Sarawuhe kang raka, sigra angembat-embat talempak, sarwi asru ing pangandikane, "Heh, Clekathana, sanggakna pati uripmu, iki dadalane patimu," Clekathana kagyat, alon umatur, "Dosa kula, ingkang pundi, mugi kula sampeyan uningakaken." Prabu Kasendra sendhu pamuwusira, "Embuh ora idhep, salusuren dhewe awakmu, kowe ngrasa apa ora, anyembeleh siretna Kasimpar. Bathange kok lebokake sumur, mara arep mukir, mukira." Dewi Clekathana matur, "Legane manah kula mawon, sinten kang munjuk ing sampeyan. Sanget temen remene, dhateng kula. Langar ketiban asok kula punika. Wonten wastaning biyung kuwalon, boten kula bedakake, kalih putra sampeyan, pun retna Juwita, kantun

ngedalaken kemawon." Prabu Kasendra ngandika, "Embuh, tak rungu basamu, nanging ora tak gugu," Clekathana lajeng byas aturira, "Inggih, kula kedah sampeyan belakaken dhateng putra sampeyan. Inggih kula belane, tiyang kula sampun asepuh, ngupados pejah. Punapa, yen kula sampeyan asta piyambak, nanging kula sampeyan lilani ujung sakedhap, wekas-wekasane kula ngabekti. Ingkang rabi kalilan, Clekathana lajeng ujung, sarwi matek pangasihan, pangidhepe jaran goyang. Sasampunira ngabekti, prabu Kasendra lilih ing dukanira, alon pamuwusira, "Kepriye Clekathana, aku ora kolu andeleng rupamu, ya gene ta, dene nglakoni kaya mangkana," prabu Kasendra kesah murugi kang putra raden Janaka, alon pamuwusira, "Wis Janaka, ibumu mangsa bodhowa kowe, patine aku wis lila," Janaka matur sandika. Ki lurah Semar, tinuduh kinen amejahi, ature Semar sandika. Sigra mangkat titiyang tiga sami ambekta dhadhung, alu, penthung, mara mring panggonane Clekathana. Clekathana kagyat mulat, anulya tatanya, saure Semar, 'n-Dikakake mundhut pati-uripmu." Clekathana mojar, "Ora gelem, aku dipateni sak uwonga, kajaba kang sinuhun dhewe." Semar mojar, "Gelem, ora gelema tak pateni, wong wis sah ing parentah." Sigra tinubruk, Clekathana mlajeng, mapan angedalaken setane, si Topengreges, kinen methukaken Semar. Semar lajeng kepanjingan, klenger boten emut, pinijetan mring Nalagareng. Setan medal, ngalih mring Nalagareng, nulya genti pinijetan mring ki lurah Semar, lan sisembur, setan medal. Nalagareng, Semar, mlajeng ngungsi mring Petruk, tinuturan yen binadhog setan. Ki Lurah Kanthongbolong gumuyu, ngisin-isin mring Gareng, "Wong lanang apa, teka kena binadhog setan, dadi growong kowe. Wis padha lungaa, tak ayonane," Nalagareng, Semar sami kesah. Ki lurah Kanthongbolong angundang setan, jenenge si Kendho, tinuduh kinen methuk mring bangsane. Si Kendho umangsah prang lan Klunthungwaluh, Topengreges. Sadanguning prang, setan kalih kawon, ngungsi mring Clekathana, tutur yen kawon prang lan bangsane. Clekathana mapan lan sarta

narik patrem. Kocap si Kendho, ngungsi lan ki Kanthongbolong, atutur setane wis malayu, nanging wedibiyangane, menek dijamoni. Sigra lenebetaken ing kanthong malih si Kendho. Ki Petruk sigra umangsah sarwi ambekta penthung. Clekathana angagar-agari patrem, nulya pinenthung, wani mring Petruk, kapisanan kenging lajeng pejah, konjuk kuwanda sinaenan.

19. Prabu Kasendra pinarak lan ingkang putra raden Janaka lan retna Kasimpar. Janaka pamit dhateng kang rama, kalilan nulya bidhal. Ingkang putra tinuduh ngiringaken mring kang raka, wangsul sajawining rangkah.

20. Sinigeg genti kocapa, adege prabu Astina mungging pasanggrahan, Sengkuni Drusasana munggeng ngarsa, Sengkuni matur kaduta ngupados liman pethak boten angsal. Prabu Astina ngungun wardayanira kengetan mring rayi raden Janaka, tan adangu gegering njawi, yen ingkang rayi dhateng anitih liman pethak, lajeng konjuk mring prabu Kurupati. Sang prabu sigra tedhak methuk kang rayi. Sareng mirsa yen kang raka methuk, amendhakaken liman. Raden Janaka mandhap saking liman, retna Kasimpar taksih munggeng liman. Sigra ngadoh malih kang liman. Janaka tandya, rinangkul mring kang raka prabu Kurupati. Janaka sigra ngabekti, sawusnya ngabekti lajeng kondur dhateng pasanggrahan. Ingkang rayi pinangkul kalih lumampah. Sadhatengira pasanggrahan, lajeng bojana kalih kang rayi. Sengkuni kautus angunjuki uninga mring Mandaraka, saungkurira Sengkuni, ing wingking tata-tata, lajeng ngarak.

21. Kocap prabu ing Mandaraka, Baladewa, Amarta, Bratasena, Sengkuni dhateng angunjuki uninga pupundhutanira dirada pethak sampun angsal, sawingking kula putra dalem ngarak. Gugup prabu Mandaraka, Baladewa tuwin Yudhisthira sami sinaga, tan adangu prabu Astina rawuh. Salya andhawuhaken nimbali ingkang putra Dewi Banowati. Banowati sampun pinaesan, sigra ginarebeg medal. Sarawuhe prabu Suyudana, Banowati pinethukaken, kinen lumebet ing praba-



Patih Sengkuni



Prabu Ing Mandaraka

suyasa. Ingkang kantun prabu Mandaraka, Baladewa, Amarta, Bratasena, munggeng Pandhawa. Lajeng bojana pitung dinten pitung dalu.
Tanceb kayon.

2. Lampahan Suyudana rabi

1. Jejer ing nagari Astina. Prabu Jayapitana miyos ing pancaniti, ingkang munggeng ngarsa kang paman patih arya Sakuni, tuwin para Korawa pepak. Ginem, denira arsa palakrama. Kasaru dhatengipun duta saking Mandaraka, inggih punika raden Rukmarata. Sampunira sinung pambage raharja, duta matur ngaturaken panuwunira retna Banowati, anuwun patah satriya bagus warnanipun, tuwin patah estri kalih, ingkang ayu luwih ing warni. Sri Jayapitana, wekasan sagah. Duta amit, rinilan. Prabu Suyudana lajeng utusan maring wukir Retawu, atur pariksa tuwin angampil raden Pamadi kinarya patah. Arya Sakuni kang dinuta, tuwin dhateng Mandura anuwun nangis raka prabu Baladewa, angampil rayi retna wara Sumbadra, kaliyan raden Narayana. Sang prabu sigra jengkar.
2. Madeg gupit mandragini. Sang retna Dewi Dursilawati, ari narendra waruju Astina, amethukaken konduring raka, lajeng lenggah. Sang prabu ngarih-arih kang rayi Dewi Dursilawati, badhe kagem patah kaliyan retna wara Sumbadra, patah jaler Arjuna. Kang rayi dyah Dursilawati, sandika, sukeng galih dene badhe kapanggih raden Arjuna.
3. Madeg ing paseban. Patih arya Sakuni, tuwin sagung para Korawa, undhang samekta dinuta ing nata, ngupaya patah. Sadaya sandika, wusira samekta, bidhal.
4. Madeg ing nagari Sindhunggarba. Yaksendra Garbaruci, ingadhep patih Garbasangkalya, emban raseksi nama emban Pracima. Ingkang ginunem prabu Garbaruci, denira supena krama pikantuk putri Mandraka. Sang prabu arsa nindaki, nanging kapambeng patih lan emban, prayogi utusan punggawa rumiyin, anitisaken ing supenaning nata. Sang nata panudyeng karsa, sigra utusan punggawa ditya katri, samya bidhal.



Begawan Abiyasa

5. Lampahing baris ditya, kapapag baris Astina, dadya prang. Wasana sami sisimpangan ing margi.

6. Madeg ing pratapan wukir Retawu. Sang begawan Abyasa, ingadhep kang wayah raden Premadi. Ginem,: Denira arsa maring Mandraka, umiring ingkang raka. Nulya dhatengnya patih arya Sakuni, mareg ing ngarsa. Dinangu, matur ingutus kang wayah prabu Jayapitana, denira arsa apalakrama angsal putri Mandraka, kapundhutan patah priya bagus warnanya. Amila sowan, kawula kautus nyuwun sih wilasa sang wiku, kaparenga angampil wayah tuwan, anakmas raden Premadi kangge patah," sang begawan kepareng. Nulya dhawuh mring raden Arjuna, raden Arjuna sandika, ananging kyai patih kinen rumiyin, lajeng bidhal. Tan dangu raden Arjuna, ngabekti mring eyang, sigra mesat. Semar, Nalagareng, Petruk umiring. Lampahira raden Arjuna prapteng marga, kapapag punggawa ditya saking Sindhunggarba, dadya prang. Danawa pejah sadaya, raden Arjuna lajeng lampahipun.

7. Madeg ing nagari Mandura. Prabu Baladewa ingadhep patih Pragota, tuwin patih Prabawa, lagya ngandika kasaru praptanira patih arya Sakuni, binekta lenggah ing sitibentar. Dinangu, matur ingutus kang rayi prabu Duryudana, nyuwun kadarman angampil rayi kalih, raden Narayana kangge sisihan patah lan raden Arjuna, tuwin retna wara Sumbadra, kagem patah dhateng Mandraka. Sri Baladewa panuju ing galih, nulya utusan patih Pragota kinen maring Widarakandhang. Raden Narayana kangge sisihan raden Arjuna, retna wara Sumbadra badhe sisihan retna Dewi Dursilawati. Patih Pragota sandika, gya bidhal sasarengan lan rekyana patih Sakuni.

8. Madeg ing nagari Astina. Prabu Jayapitana, ingadhep kang para ari Korawa, tuwin pamagang arya Jayadrata. Kasaru Praptanira patih arya Sakuni. Dinangu, matur lampahira dinuta angsal sadaya. Raden arya Arjuna sisihan raden Narayana, ananging raden Narayana anjujug Mandraka, raden Premadi mangke dhateng anjujug ngarsa nata. Anulya prapta-

ne raden Arjuna, prabu Kurupati dhawuh raden Arjuna, kinen masrahaken dhateng kaputren, pasrah dhateng dyah Dewi Dursilawati. Sasampunira, sang prabu sigra jengkar.

9. Madeg ing Widarakandhang. Raden Narayana, tuwin ari dyah wara Sumbadra, ingadhep raden Udawa. Ginem,: Denira arsa sewaka mring raka Mandura. Kasaru praptanira patih Pragota, dinangu ingutus kang raka prabu, "Panjenenganipun raden kapiji dados patah, kangge kembaran raden Arjuna, retna wara Sumbadra kangge kembaran retna Dursilawati," raja putra gumujeng, anyendikani Patih Pragota lajeng tinundhung wangsul raden Narayana. Dyan busana, arsa bidhal nanging ngrakit panggalih.

10. Madeg ing Mandraka. Prabu Salya, Mandratpatiputra amanggihi tamu prabu Baladewa, tuwin sri Yudhisthira, Sri bupati Awangga. Ginem,: Angajeng-ajeng lampahing duta raden Rukmarata maring Astina, tan dangu dhatenging putra raden Rukmarata, lajeng ngaras pada. Dinangu, matur sampun dipun sagahi sadaya. Sri Salya dhawuh miranti saupakartining karya, tuwin pakajanganing alun-alun.

11. Madeg ing Widarakandhang. Raden Narayana lan kang rayi dyah wara Sumbadra. Ginem,: Badhe bidhal maring Mandrakapura. Kang rayi kinen mangangge lugasan, cinara tani. Sawusira samekta, lajeng bidhal.

12. Madeg ing Astina. Prabu Kurupati sanega busananing panganten. Raden Premadi dipun dandosi. Retna Dursilawati, arya Jayadrata wiwit duk praptanira raden Arjuna, ing tyas tansah gambira, awit pacanganira tansah ginandheng raden Premadi. Enggaling carita sasampunira miranti, gya bidhal angarak.

13. Madeg ing paseban njawi Mandraka, ingkang angrakit-rakit lampahing pakurmatan, tuwin pranataning pakajangan, arya Burisrawa kang mramugareni paprentahan. Mangkana praptanira endhang Bratajaya saking galadhag, anenggel waringin kurung. Ya ta, raden Burisrawa kagyat aningali wanodya kang prapta, kadadak raosing galih, kasmaran, mring dyah wara Sumbadra. Nyat jumeneng, sigra hambapang nyegati lampah-

ira retna wara Sumbadra. Dupi uninga dipun cegati lampahira arsa pinondhong, saking getering panggalih, wara Sumbadra andhorodhog, lumajeng wangsul. Raden Narayana dupi aningali ingkang rayi lumajeng andhorodhog dipun bujung satriya ing kadipaten raden Burisrawa, sami sanalika mądeg suraning galih. Sigra malumpat, raden Burisrawa tinampiling, galangsaran. Patih Tuhayata tutulung, tinampiling dening raden Udawa, pasewakan njawi kagegeran.

14. Ing pura, prabu Salya tuwin putra prabu Baladewa, prabu Yudhisthira. Praptane arya Rukmarata, atur uninga purwa, madya wasananira. Sri Baladewa miyarsa, sakala cape. Sampun hanggarjita ing galih, manawi punika kang rayi raden Narayana. Sri Baladewa amit mijil, linilan. Duk tumurun saking sitinggil, katingal kang rayi taksih ribut. Sri Baladewa marepeki, sarwi ngandika, "O, Narayana, adhiningsun, mbok ya nganggo mamareni, adhi, iki rak ngedegi gawe," kang rayi matur, "Lo, kula rak sampun matur ta kakang. Kula punika tiyang brangasan, butarepan. Mangka tinuduh ngiringaken kadang estri, samangsa pun Sumbadra dipun jarag, sampun tamtu kula tampiling, boten badhe ajrih anaking ratu." Kang raka gumujeng, ngandika, "O, iya uwis ta yayi, Payo padha mareg ing ngabyantara nata, kang supaya kauningan ing praptanira, lan si Sumbadra," sigra laju minggah ing ngabyantara. Kagyat prabu Salya Mandratpatiputra, dupi aningali maring raden Narayana. Gupuh-gupuh jumeneng saking palenggahan, gya kinanthi astanira, manjing dhatulaya. Prabu Baladewa hanganthi kang rayi wara Sumbadra, prapteng pura, satata lenggah, lajeng dhawuh miranti. Raden putra kalih, raden Narayana, retna wara Sumbadra sami binusanan. Sasampunira, sang prabu sigra miyos pandhapi lan putra prabu Baladewa, tuwin prabu Yudhisthira. Mangkana lampahira prabu Suyudana lan patah raden Arjuna jajar lan retna Dursilawati, arya Jayadrata ingkang anongsong panganten.

15. Ing pura, prabu Salya tuwin para ratu, wus dangu angajeng-ajeng praptaning panganten. Kasaru getering njawi, panganten

dhateng, saraya para ratu sami urmat methuk panganten prapteng palataran. Panganten kinanthi dening prabu Baladewa linajengaken mring pura, lenggah papajangan rukmi, miwah sampun pinrenah dunungira ing pura kaputren. Ing ngriku tan cinatur rerengganing purantara. Dupi panganten sampun panggih, para tamu lan patah sami ngaso ing pamondhokan pura. Mangkana arya Jayadrata tansah gambira ing galih, sedya marwasa mring raden Arjuna. Ing dalu, njejep ing pura, ing ngriku patah-patah retna Dursilawati, retna wara Sumbadra, raden Arjuna tan tebih lenggah lan raka raden Narayana. Raden Arjuna lenggah sacelaking wiwara, mangkana kang mangendrajala raden arya Jayadrata wus dangu denira nginte. Dupi waspada raden Arjuna lenggah sacelaking wiwara, sigra pinarwasa saking njawi. Raden Arjuna sigra handhawah ing papangkonira wara Sumbadra, raden Narayana kamitenggengen, ningali dene raden Arjuna kantaka mungging pangkonira dyah wara Sumbadra. Para parekan anjrit, alok maling sarwi alok Arjuna mati. Para ratu kagegeran, arya Sena gya malumpat manjing pura, pinegatan dening prabu Baladewa, sarwi ngandika, "Oh, Bratasena ariningsun, ora mati si Premadi. Ngandela pun kakang, anjaba yen ana geni tan pasah wreksa, iku si Arjuna mati. Wis ta, yayi, baliya mundhak ambubrahake tata, cekake bae pun kakang nanggung," arya Sena asrep ing panggalihira, nulya mundur.

16. Madeng ing Mandraka. Prabu Salya karsa miyos sineba ing sitinggil tuwin putra prabu Baladewa, miwah sri Yudhisthira, prabu Duryudana, hangginem getering pura. Lajeng ginem badhe konduring panganten, ingkang badhe umuringaken prabu Baladewa tuwin adipati Karna ing Awangga, sarta prabu Yudhisthira. Lagya eca imbal wacana, kasaru lebetipun patih Tuhayata, atur uninga ing njawi wonten mengsah ageng, saking sabrang Sindhunggarba, yaksendra sura sekti, hambabahak padhusunan. Srinata Salya sigra amasrahaken dhateng para putra. Prabu Baladewa, adipati Karna, tuwin sri Darmaputra sandika sagah, sigra sami medal ing paprangan. Saprap-

tanira ing njawi, sampun ayun-ayunan lan mengsah. Ing tandhing sampun pinerang-perang. Sri yaksendra tandhing lan prabu Baladewa, ari nata yaksa lan sang adipati Karna, patih lan arya Sena. Wusana sang yaksendra lan ari myang patih sami pejah sadaya, lajeng sampak. Para punggawa wadya ingamuk arya Bima, wus sirna nggempang, ditya rucah lumajeng. Sang prabu Baladewa lan para senapati, sami mundur mring pura, amangun suka bojana andrawina, lelangen nayub, bibar.
Tanceb kayon.

3. Lampahan Dewi Dursilawati ical

1. Jejer ing nagari Astina. Prabu Kurupati miyos ing pancaniti, ingkang sumiwi patih Sakuni, tuwin raden Dursasana, raden Kartamarma, raden Citraksa, raden Citraksi sarta raden Durmagati, raden Jayadrata. Ingkang rinembag, sang nata badhe andhaupaken kang rayi Dewi Dursilawati, angsal raden Jayadrata. Wasana retna Dewi Dursilawati ical, adipati Karna tinimbalan mangarsa, kadhawuhan ngupadosi kanthi patih Sakuni, tuwin Korawa sawatawis, gya bidhal. Sang nata ngadhaton.
2. Madeg ing gupit mandragini. Sang padniwara Dewi Banowati, pinuju lenggah ing pananggap prabasuyasa, ingadhep para parekan cethi. Kasaru rawuhing sang nata saking ing pancaniti, imbal wacana lajeng tindak kamar pambojanan.
3. Madeg ing paseban njawi. Adipati Karna, tuwin patih Sakuni, tuwin raden Dursasana, tuwin raden Jayadrata, raden Kartamarma, raden Citraksi. Rembag purugipun, ngupaya sang putri. Sasampuning siyaga, bidhal.
4. Madeg ing Tirtakandhasan. Prabu Kurandhageni, gandrung asmara lawan retna Dewi Dursilawati putri Astina. Kang mungging ngarsa emban Kepetmega, tansah nglilipur sang nata. Wasana akarya pustaka panglamar dhateng Astina, nulya bibaran.
5. Madeg ing paseban njawi. Punggawa ditya Kalabangcuring, Kalamingkalpa, Kalapralemba. Rembag, siyaga ing dadamel. Sasampuning siyaga, bidhal kanthi Togog, Sarawita. Lampahira kapapag sata Korawa, pasulayaning rembag dados prang. Wasana sisimpangan margi.
6. Madeg ing madyaning wana. Raden Pamade, ingadhep Semar, Nalagareng, Petruk, lajeng lumampah sapurug-purug. Kapapag danawa saking Tirtakandhasan, dadya prang. Danawa pejah

sadaya, raden Pamade lajeng lampahipun, sareng kendel angaring-aring sarira, mireng tangis. Tan dangu katingalan Dewi Dursilawati, kabekta gajah ginendhong ing gigir, wasana tinututan. Dewi Dursilawati kacepeng, raden Pamade lajeng prang lan dipangga. Danguning prang, gajah pinanah angin, kontal ndhawah tebih. Raden Pamade lajeng lumampah lan Dewi Dursilawati, nedya kakonduraken dhateng Astina.

7. Madeg ing madyaning wana, Adipati Karna lawan patih Sakuni, tuwin sata Korawa, raden Dursasana, raden Citraksi, raden Citraksa, raden Kartamarma. Rembag, dereng angsal titik pangupayanipun sang retna Dewi Dursilawati. Boten dangu dhatengipun raden Durmagati, atur pariksa Dewi Dursilawati kaliyan raden Pamade langkung, kadherekaken Semar, Nalagareng, Petruk. Adipati Karna lawan para Korawa, ngangkat gapa bidhal murugi, raden Pamade cinepeng binanda manut, kabekta dhateng Astina.
8. Madeg ing nagari Astina. Prabu Kurupati, ingadhep para Korawa, kasaru dhatengipun adipati Karna ambekta Dewi Dursilawati, tuwin raden Pamade, matur madya wasananira. Raden Pamade lajeng tinunggu ing gedhong-peteng.
9. Madeg ing Tirtakandhasan. Prabu Kurandhageni miyos ing pendhapi, anduta emban Kepetmega, andhustha Dewi Dursilawati dhateng Astina, emban Kepetmega pangkat.
10. Madeg ing Astina kradhenayon. Begawan Dhestharastra, Dewi Anggendari tuwin Dewi Dursilawati. Kasaru dhatengipun emban Kepetmega saking gagana, naut Dewi Dursilawati kabekta hanggagana. Sadaya kagegeran, parekan atur pariksa sang nata.
11. Madeg ing njawi. Sang prabu Kurupati miyos ingadhep para rayi Korawa pepak, adipati Karna tuwin patih Sakuni. Rembag arsa andhaupaken retna Dewi Dursilawati lawan raden Jayadrata. Kasaru parekan atur pariksa, sang putri Dewi Dursilawati kadhustha danawa estri. Prabu Kurupati dhawuh raden Pamade katimbalan mangarsa, sarta lajeng

kapendhet saking tarungku, sowan mangarsa, dhinawuhan ngupaya Dewi Dursilawati, raden Pamade sagah, nyuwun kanthi raden Jayadrata, kalilan, lajeng pangkat.

12. Madeg ing Tirtakandhasan. Prabu Karandhageni, dhatengipun emban Kepetmega hambekta Dewi Dursilawati, lajeng kalebetaken ing kadhaton. Sang nata lajeng lumebet. Sigeg. Ing kadhaton retna Dewi Dursilawati, pinanggihan raden Pamade, tinantun dhaup kaliyan raden Jayadrata purun. Raden Jayadrata pinurih medal, mapagaken sang prabu Kurandhageni, prang. Sang prabu Kurandhageni pejah ginada, raden Pamade lawan raden Jayadrata wangsul, Dewi Dursilawati binekta aneng susupe.

13. Madeg ing nagari Astina. Prabu Kurupati, miyos ingkang mungging ngarsa patih arya Sakuni, tuwin adipati Karna, raden Dursasana, raden Kartamarma. Rembag hangarsa-arsa ingkang sami ngupaya ingkang rayi Dewi Dursilawati. Tan dangu dhatengipun raden Pamade hangiringaken Dewi Dursilawati, pinrih manjing kadhaton, sowan kang rama bagawan Dhastharastra lawan kang garwa Dewi Anggendari. Tan dangu Dewi Dursilawati binusanan panganten, sasampuning paripurna panganten kadhaupaken. Lajeng mungging pasareyan, raden Pamade kang dadya pangarih.

14. Madeg ing nagari Amarta. Prabu Puntadewa, pinuju miyos ingadhep ingkang rayi arya Bratasena, tuwin raden Pinten, raden Tangsen. Rembag,: Raden Pamade sampun dangu boten mantuk, raden arya Bratasena kadhawuhan nusul dhateng Astina, pangkat.

15. Madeg ing nagari Astina. Prabu Kurupati, tuwin adipati Karna, patih Sakuni, saha raden Pamade, para Korawa raden Dursasana, raden Kartamarma, raden Durmagati, raden Citraksa, raden Citraksi. Kasaru dhatengipun raden arya Bratasena, ingkang rayi raden Pamade badhe kaajak mantuk dhateng Amarta. Katungka gegering njawi, alok gajah ngamuk. Sang prabu Kurupati, mundhut tulung mapagaken di rada meta. Raden arya Bratasena medal ing njawi, prang

Dirada, ngginadhing tan pasah, gajah cinubles kanaka, pejah.

16. Sigeg. Ing pandhapi, prabu Kurupati, para Korawa pepak. Raden arya Bratasena, lawan rayi raden Pamade mangarsa. Ing ngriku Korawa samya giris ningali kadibyanipun raden arya Bratasena, ngantos misuwur sakpraja. Raden arya Bratasena pamit mantuk lawan kang rayi raden Pamade, kalilan. Tanceb kayon.

4 Lampahan Peksi Anjaliretna

1. Jejer ing nagari Dwarawati. Sang prabu Kresna, miyos ing pancaniti, katamuwan ingkang raka srinata ing Mandura prabu Baladewa. Ingkang sumiwi putra raden Samba, raden arya Wresniwira, tuwin patih Udawa, para wadya pepak kang anangkil. Ginem,: Sri Kresna anggalih samurcanira raden Janaka, kang rayi dewi wara Sumbadra linamar raden arya Jayadrata, satriya ing Banakeling. Prabu Kresna matur ing raka, bilih kang rayi dewi wara Sumbadra nyuwun kukudangan peksi Anjaliretna, tuwin patah satriya kang bagus. Prabu Baladewa mundhut lestantunipun dhaup kaliyan raden arya Jayadrata. Prabu Baladewa lajeng amit dhateng pasanggrahan, handhawuhaken ingkang dados pundhutanipun dewi wara Sumbadra dhateng raden arya Jayadrata. Sri Kresna lajeng kondur ngadhaton, bibaran nangkil.

2. Madeg ing gupit mandragini. Prameswari nata titiga, Dewi Jembawati, Dewi Rukmini, Dewi Setyaboma miyos lenggah ing pananggap prabasuyasa, kaleres ler-wetan, ngentosi kondurira sang nata, ngiras mirsani ajaring badhaya tuwin sarimpi.
   Rawuhira sang nata, lajeng pinethuk ing garwa titiga, lajeng sami akakanthen asta, binekta lenggah satata. Sri Kresna imbal wacana ing garwa titiga, bab kawontenanipun ing pancaniti. Sang nata lajeng tindak ing pambojanan.

3. Madeg ing paseban njawi. Prabu Baladewa, putra raden Wisatha, raden, Samba, raden arya Setyaki, tuwin patih Udawa, patih Pragota, Prabawa, pepak para wadya. Ginem,: Sri Baladewa dhawuh dhateng putra raden Wisatha, ingutus andhawuhaken pundhutanipun kukudangan dewi wara Sumbadra, warni peki Anjaliretna, tuwin patah kang bagus dhateng kang paman raden arya Jayadrata, satriya ing Banakeling. Patih Pragota lajeng dhawuh siyaga, sasampuning samekta lajeng bidhal kapalan. Sri Baladewa tindak ing pasanggrahan Randhugumbala, sowang-sowangan.

4. Madeg ing nagari Widarba. Prabu Citradenta, miyos ing pandhapi ageng, ingkang sumiwi ing ngarsa patih Dhendhabahu, para wadya pepak kang anangkil. Ginem, : Nata ingaturan uninga ing prameswari nata Dewi Hagnyarini, bilih klangenanipun ingkang putra Dewi Kumalarini awarni peksi Anjaliretna saged tatajalma, ical. Sarta mireng wartos wonten telatah ing praja Banakeling. Sang prabu Citradenta animbali punggawa yaksa, ditya Kalagodhaka, ditya Kalakuthila. Sasampuning mangarsa, lajeng dhinawuhan ingutus mundhut peksi kang wonten praja Banakeling. Sampun wineling sadaya, lajeng bidhal sagolongan. Sang nata lajeng ngadhaton.
5. Madeg ing paseban njawi. Para punggawa ditya Kalagodhaka, ditya Kalakuthila. Ginem, : Ing lampah ingutus dhateng praja ing Banakeling, kyai Togog tuwin Sarawita kakanthekaken, lajeng sami siyaga. Sasampuning samekta, lajeng bidhal. Mangkana lampahipun dumugi ing margi, kapapag wadya ing Mandura. Pasulayaning rembag dados prang, wasana sisimpangan ing margi.
6. Madeg ing nagari Banakeling. Raden arya Jayadrata, nuju miyos ing pandhapi. Ingkang sumiwi patih Atmagatra, tuwin para wadya bala pepak, raden Atmasubalam raden Abirawa. Ginem 'anggenipun arsa krama putri kadang nata ing Dwarawati, dewi wara Sumbadra. Kasaru rawuhipun raden Wisatha, sampun sinambrama, lajeng satata. Raden arya Jayadrata pitaken, raden Wisatha matur bilih ingutus ingkang rama sri Baladewa, maringaken dhawuh timbalanipun nata ing Dwarawati, dhaupipun dewi wara Sumbadra, mbenjing mundhut kukudangan warni peksi kang saged tatajalma, tuwin patah satriya bagus. Sasampuning sinagahan, raden Wisatha amit mundur, raden arya Jayadrata dhawuh dhateng patih Atmagatra, manawi peksi sampun wonten, lajeng andangu para punggawa, punapa sami gadhah anak bagus rupinipun. Para punggawa matur mboten gadhah para wadya lajeng dhinawuhan sami angupados satriya ingkang bagus warninipun. jeneng bibaran nangkil.

7. Madeg ing kapatihan. Garwanipun patih Atmagatra dewi retna Diwati, anuju lenggah pinarak parekan. Konduripun kyai patih saking anangkil, lajeng pinethuk ing garwa. Patih Atmagatra awawarah ing garwa, kang putra angkat nama raden Nilawarna dhinawuhan anyingidaken, awit badhe kakarsakaken dados patah, mbenjing kramanira raden Jayadrata. Kang garwa lajeng medal ing njawi.
   Adeg raden Nilawarna, ingadhep punakawanipun repat tiga, kyai Semar, Nalagareng, Petruk. Sawek eca anggenipun ngandikan, katungka rawuhipun ingkang ibu Dewi Retnadiwati. Sang dewi Retnadiwati andhawuhaken dhateng raden Nilawarna karsanira kang rama kyai patih. Ingkang putra kapurih singidan, ingkang putra raden Nilawarna lajeng amit pangkat dhateng ing wana, ingiring repat panakawan tiga.
8. Madeg wana. Para punggawa yaksa ing Widarba, ditya Kalagodhaka, ditya kalakuthila, ginem, : Ing lampah ingutus dhateng ing Banakeling. Kyai Togog tuwin Sarawita, atur uninga wonten satriya langkung, ingiring panakawan tiga. Rotadanawa lajeng marepeki, pasulayaning rembag dados prang, wadya ditya sami pejah sadaya. Kyai Togog tuwin Sarawita sami lumajeng, nedya atur uninga ing gustinira. Raden Nilawarna lajeng lampahipun, kapapag wadya ing Banakeling, raden Abirawa tuwin raden Atmasubala. Ginem, : Raden Nilawarna tinantun dados patah boten purun, dados prang. Wadya Banakeling kasor, raden Nilawarna lajeng sumbar, bilih putra patih Atmagatra. Raden Abirawa, tuwin raden Atmasubala sareng mireng sumbaripun, lajeng sami mantuk dhateng ing Banakeling, sedya atur uninga ing gusti. Raden Nilawarna lajeng dhateng ing Widarba.
9. Madeg ing nagari Banakeling. Raden arya Jayadrata, anuju miyos ing pandhapi ageng, ingadhep patih Atmagatra. Ginem, : Raden arya Jayadrata angarsa-arsa punggawa kang kautus ngupaya patah. Boten dangu sowanipun punggawa kang dinuta, dinangu matur anggenipun ngupados patah boten angsal damel, ananging nalika wonten ing wana kapa-

pag satriya bagus, nama raden Nilawarna. Tinantun dados patah boten purun, dados prang. Para punggawa sami kasor, raden Nilawarna susumbar, bilih anakipun patih Atmagatra. Samangke pangkat dhateng praja Widarba, ingiring panakawan tiga. Raden arya Jayadrata sareng mireng aturing punggawa kakalih wau, lajeng duka dhateng rekyana patih Atmagatra, rinangket sarta lajeng tinundhung kesah salah semahipun, lajeng bibar anangkil.

10. Madeg ing nagari Widarba. Sang prabu Citradenta, miyos ing pandhapi agung, ingadhep patih Dhendhabahu tuwin para wadya yaksa. Ginem,: Sang nata angarsa-arsa punggawa ditya ingkang kautus dhateng ing Banakeling. Kasaru dhatengipun kyai Togog tuwin Sarawita, atur uninga ing gusti, ngaturaken tiwasing margi, wadya ditya sami pejah dening satriya tanah Jawi, Bambang Nilawarna. Sang prabu Citradenta sareng miyarsa aturing wulucumbu kakalih wau, lajeng duka yayah sinipi. Patih dhinawuhan . angundhangi wadyabala, kinen sami siyaga ing dadamel. Sang nata arsa nglurug dhateng ing Banakeling, sasampuning sami samekta, lajeng bidhal.
Madeg ing salabeting kadhaton Widarba. Sang prameswari nata Dei Hagnyarini, lenggah ing pananggap prabasuyasa, ingadhep para parekan. Sowanipun ingkang putra Dewi Kumalarini, lajeng angrungkebi padanira kang ibu, sarwi muwun dinangu matur Dewi Kumalarini nyuwun wagedipun pinanggih kalangenanipun peksi Anjaliretna. Kasaru dhatengipun raden Nilawarna, apindha panakawan ingutus sang nata. Sang dyah kakalih tinimbalan dhateng ing Banakeling, awit peksi sampun pinanggih. Sang Dewi Hagnyarini tuwin putra Dewi Kumalarini, sami suka ing panggalih. Lajeng bidhal dhateng ing Banakeling, lampahipun alon-alonan.

11. Madeg ing nagari Banakeling. Raden arya Jayadrata, miyos ing pandhapi, ingadhep para punggawa. Ginem, : Raden arya Jayadrata, denira, arsa krama dereng angsal patah, mila sengkel ing panggalih.
Kasaru gegering njawi, dhatengipun mengsah saking praja Widarba prabu Citradenta sawadyabalanipun, sampun angram-

rampit ing praja. Raden arya Jayadrata lajeng amapag dumugi ing njawi, sampun panggih kaliyan prabu Citradenta, prang rame. Para wadya Banakeling prangipun sami kasor, raden arya Jayadrata kalindhih dening prabu Citradenta, rekyana patih Atmagatra sumerep bilih gustinipun kalindhih atutulung raden arya Jayadrata, uwal. Lajeng tandhing patih Atmagatra, meksa kalindhih. Raden arya Jayadrata tuwin patih Atmagatra sami oncat.

Adeg sang Dewi Hagnyarini, tuwin kang putra raden Atmasubala, tuwin para punggawa, sampun sami samekta. Lajeng dhawuh bidhal angarak dhateng ing Dwarawati. Panganten raden Jayadrata anitih rata, tuwin patih Atmagatra saha patah raden Nilawarna. Dewi Kumalarini angemban peksi Anjaliretna, para punggawa sami anumpak turangga, lajeng bidhal.

12. Madeg ing Pamenang. Raden arya Wrekodara, pinuju lenggah ingadhep kang putra raden arya Gathutkaca. Ginem, : Sang arya Wrekodara mireng wartos, bilih raden Jayadrata ngarak dhateng ing Dwarawati, lajeng dhawuh dhateng putra raden arya Gathutkaca, dhinawuhan pradandan. Ingkang rama arsa sowan dhateng ing Dwarawati, sampun samekta, lajeng bidhal.

13. Madeg ing nagari Dwarawati. Sang prabu Kresna miyos ing pandhapi agung, ingkang ngadhep mungging ngarsa, ingkang putra raden Samba, raden arya Setyaki, patih Udawa. Sowanipun ingkang rayi raden arya Wrekodara, tuwin ingkang putra raden arya Gathutkaca. Sampun lenggah satata, ingkang rayi raden arya Wrekodara matur pitaken, mbenjing punapa timbulipun kang rayi raden Arjuna. Sang prabu Kresna dhawuh pinurih umpetan rumiyin, Kasaru rawuhipun ingkang raka nata ing Mandura prabu Baladewa, anyarengi pangaraking panganten raden arya Jayadrata, sinambrama lajeng lenggah satata. Peksi tinampen raden Samba, prabu Baladewa dhawuh, arya Jayadrata lajeng kadhaupna kaliyan dewi wara Sumbadra. Raden arya Jayadrata lajeng kairid raden Samba dhumateng dalem pungkuran.



Raden Arya Gatutkaca

14. Madeg ing kadhaton. Sang dyah dewi wara Sumbadra, pinuju lenggah ingadhep para parekan. Sowanipun raden Samba ngaturaken peksi, lajeng tinampen retna wara Sumbadra. Peksi babar raden Arjuna, panganten raden arya Jayadrata arsa nusul retna wara Sumbadra, lajeng pinapag raden arya Gathutkaca, sarwi rinangket. Raden Nilawarna mangsah, raden arya Gathutkaca mapag, raden Nilawarna babar raden Angkawijaya.

15. Madeg ing Kadipaten. Sri Baladewa pinuju lenggah, ingadhep ingkang putra raden arya Wisatha, patih Pragota, patih Prabawa. Kasaru dhatengipun raden arya Jayadrata, atur uninga wonten kadhaton rinangket raden arya Gathutkaca. Prabu Baladewa duka, lajeng marepeki raden arya Gathutkaca, pinapag raden arya Wrekodara, prang rame. Nata Mandura kasor, para wadyabala sami ngebyuk, pinapag raden arya Wrekodara, prang sampak. Para wadya sami sar-saran.

16. Madeg ing nagari Dwarawati. Sang prabu Kresna, raden arya Wrekodara, raden Arjuna, raden arya Gathutkaca, raden Angkawijaya, raden Samba, raden arya Setyaki, patih Udawa sami suka, lajeng sami mangun bojana andrawina.
Tanceb kayon.



PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

Perpustaka
Jenderal
3
M

